

PENGEMBANGAN PEMBELAJARAN SASTRA SUNDA

Ruswendi Permana

A. Bubuka

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) bahan pangajaran basa jeung Sastra Sunda disusun dumasar kana Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat no. 5 Tahun 2003 nu eusina ngeunaan cara ngmumule basa, sastra, jeung aksara nu netepkeun yen basa daerah, diantarana basa Sunda, perlu diajarkeun di tingkat pendidikan dasar nu aya di Jawa Barat. Eta kawijakan teh luyu jeung UU no.22/1999 ngeunaan pamarintahan daerah, jeung UU no.20/2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional nu ngamuara kana Undang-Undang '45, tegesna ngeunaan atikan jeung kebudayan. Aturan sejena nya eta aturan pamarentah Republik Indonesia no.19 Tahun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan nu eusina netelakeun yen ti mimiti tingkat dasar nepi ka tingkat menengah atas diwajibkeun ayana pangajaran muatan local nu luyu jeung wewengkon eta daerah. Ari ieu SKKD, diputuskan ku Gubernur propinsi Jawa Barat kalawan dibere nomer 423.5/Kep.674-Disdik/2006.

Basa Sunda mangrupa basa tutur jeung basa tulis masyarakat Jawa Barat. Tuturan jeung wacana tulis teh bisa dijadikeun bahan pikeun ngamekarkeun nu leuwih jero deui ngeunaan materi pokok bahan ajar kalawan tetep nyoko kana kompetensi dasar jeung indikator nu aya dina standar kompetensi.

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Mata Ajar Basa jeung Sastra Sunda nyoko kana hakekat pangajaran basa jeung sastra. Diajar basa jeung sastra teh enas-enasna mah nya eta diajar ngayakeun komunikasi, sedengkeun diajar sastra nyaeta diajar ngahargaan kana ajen-ajen kamanusaan jeung ajen-ajen kahirupan. Ku

kituna pangajaran basa jeung sastra sunda, udaganana pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngayakeun komunikasi, boh lisan boh tulisan sastra pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaapresiasi kana sastra sunda.

Fungsi standar kompetensi jeung kompetensi dasar, nya eta mangrupa acuan pikeun guru di sakola-sakola estuna mah dina raraga nyusun kurikulum bahan pangajaran basa jeung sastra sunda jeung dina raraga mekarkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep ngagunakeun basa sunda jeung sastra sunda. Sedengkeun nu jadi udagan SKKD ieu teh nya eta pikeun mere pituduh, arahan, pertelaan, jeung ngagampangkeun kana prak-prakanana proses atikan di sakola-sakola, khususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra sunda.

Ari anu jadi acuan pikeun ngalaksanakeun program dina raraga ngamekarkeun pangaweruh kaparigelan, jeung sikep ngagunakeun basa jeung sastra sunda, eusi standar kompetensi, jeung kompetensi dasar ieu teh enas-enasna mah nyoko atawa dumasar kana tujuan umum pangajaran basa jeung sastra sunda ieu udaganana yen meunang pangalaman jeung pangaweruh ngeunaan prak-prakan ngagunakeun basa jeung sastra sunda. Pikeun leuwih jentrena eta tujuan teh baris di wincik ieu di handap :

1. Siswa ngahargaan jeung ngarasa reueus kana basa sunda sabage basa daerah di wewengkon Jawa Barat oge, nu mangrupa basa indung pikeun sabagian masyarakatna.
2. Siswa maham kana basa sunda dina unggal wangun, eusi, jeung fungsi sarta mampuh ngalarapkeunana kalawan bener tur merenah jeung rancage dina unggal kontek kahirupan (tujuan, kaperluan jeung kaayaan)

3. Siswa miboga kamampuh jeung disiplin dina ngagunakeun basa sunda pikeun ngaronjatkeun kamampuh intelektual, kematangan emosional, jeung kematangan sosial.
4. Siswa mampuh menikmati jeung ngamanpaatkeun karya sastra sunda pikeun ngarojatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun basa sunda dina raraga mekarkeun kapribadian, jeung ngajembaran wawasan kahirupan.
5. Siswa ngahargaan jeung ngarasa reueus kana karya sastra sunda nu mangrupa khasanah budaya jeung intelektual manusia sunda.

B. Standar Kompetensi Lulusan

Standar kompetensi lulusan SD/MT dina mata ajar basa jeung sastra sunda aya opat aspek, nya eta :

1. Ngaregepkeun

Kamampuh ngaregepkeun pikeun maham jeung ngarespon kana karegeman wacana lisian nu mangrupa dialog diantara maca puisi (sajak), pupujian, guguritan, jeung maca prosa (dongeng, carpon, novel, warta, biografi, basan, jeung artikel)

2. Nyarita

Kamampuh nyarita nya eta kamampuh pikeun ngbrehkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang nu mangrupa dialog, wawancara, nyarita, ngabewarakeun, nelepon, ngajentrekeun, diskusi, jeung *bermain peran*.

3. Maca

Kamampuh maca nya eta kamampuh pikeun maham jeung ngarespon sarupaning teks anu mangrupa dialog, prosa (sajarah, basan, biografi, carpon, dongeng, novel) jeung puisi (*sajak, sawer, guguritan, wawacan*).

4. Nulis

Kamampuh nulis nya eta kamampuh pikeun ngebrehkeun rupa-rupa pesen (pikiran, perasaan, jeung kahayang) sacara tinulis dina unggal karangan jeung nu mangrupa padoman wawancara, prosa (pengalaman, biografi, basan, warta, essei, surat, *carita pondok*, jeung laporan) jeung puisi (*sajak, guguritan, sisindiran*).

C. Ambahan

Anu jadi ambahan basa jeung sastra sunda, ngwengku komponen kamampuh ngagunakeun basa jeung kamampuh ngahargaan kana ajen-ajen sastra sunda nu kawengku aspek aspekna :

1. Ngaregepkeun;
2. Nyarita;
3. Maca, jeung;
4. Nulis.

Tina opat aspek kaparigelan basa eta teh di patalikeun jeung tema sarta nyoko kana kaidah basa upamana wae lapal, ejahan, proses ngawangun kecap, jeung adegan kalimah .

D. Pangajaran Sastra Sunda

1. Kompetensi dina Pangajaran Sastra :

a. Kemampuh Ngaapresiasi Sastra

Kemampuh ngaapresiasi sastra ieu teh dilaksanakeun ngaliwatan pangajaran sastra sunda ngaliwatan kagiatan :

- Ngaregepkeun hasil sastra;
- Nonton hasil sastra, jeung;
- Maca hasil sastra.

b. Kemampuh Ngaekspresikeun Hasil Sastra

c. Kemampuh Ngaekspresikeun Hasil Sastra teh dilaksanakeun dina proses pangajaran ngaliwatan pangajaran :

- Ngalisankeun hasil sastra
- Nulis karya sastra

d. Kemampuh Neuleuman Hasil Sastra

Kamampuh neuleuman hasil sastra ieu teh dilaksanakeun dina proses pangajaran ngaliwatan kagiatan :

- Ngajen hasil sastra
- Ngaresensi hasil sastra
- Nganalisis hasil sastra

2. Bahan Ajar Pangajaran Sastra Sunda

Bahan ajar mangrupa bagian dina struktur paelmanan hiji bahan ulikan. Bahan ajar digunakeun pikeun ngalatih jeung mere pangalaman ka para siswa, sangkan manehna miboga kamampuh anu bisa di mekarkeun. Bahan ajar nu dijadikeun

bahan pikeun pangalaman ngapresiasi sastra jeung nganalisis sastra nya eta mangrupa wangun sajak, carpon, dongeng, novel, dialog, jeung drama.

3. Kagiatan Pangajaran

Kegiatan pikeun meunang hiji pangalaman tina bahan nu di ajarkeun, nya eta ngaliwatan kagiatan ngaregepkeun, nonton, maca, ngalisankeun, maca bedas, magelarkeun, nulis, ngajen, ngresensi, jeung ngaanalisia nulis karya sastra.

4. Kompetensi Dasar nu sebage Indikator

5. Kagiatan Kamampuh Ngaapresiasi Sastra

a. Ngaregepkeun Hasil Sastra

- Ngaregepkeun puisi
- Ngaregepkeun carita pondok
- Ngaregepkeun dongeng
- Ngaregepkeun dialog/drama
- Ngaregepkeun novel.

b. Nonton Hasil Sastra

- Nonton pagelaran hasil drama

c. Maca Hasil Sastra

- Maca puisi
- Maca carita pondok
- Maca drama
- Maca novel
- Maca kritik ngeunaan hasil sastra

6. Kegiatan Kamampuh Ngaekspresi Sastra

a. Ngalisankeun Hasil Sastra

- Nyarita (Ngalisankeun dongeng)
- Deklamasi

b. Maca bedas Novel

- Maca dialog
- Magelarkeun drama

c. Nulis Karya Sastra

- Nulis puisi
- Nulis carita pondok
- Nulis dongeng
- Nulis drama pondok

7. Kegiatan Neuleuman Hasil Sastra

a. Ngajen hasil sastra

b. Nganalisis hasil sastra

8. Kreatifitas Guru dina ngalaksanakeun Kagiatan

Guru dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran kudu nyoko kana kurikulum jeung kudu milih tina unggal kagiatan, bahan kagiatan, jeung cara ngalaksanakeun kagiatan nu luyu jeung kaayaan siswa, sarana pangajaran jeung kayaan masyarakat kaasup budaya daerahna.

9. Kesempetan jeung Tantangan pikeun Kreatif

Kasempetan jeung bangbaluh pikeun ngayakeun kreatif dina kagiatan pangajaran teh leuwih loba bae. Eta hal teh aya hubunganana jeung pasoalan kurikulum nu

miboga diversifikasi jeung otonomi daerah. Pikeun nyumponan kasemptan jeung eta bangbaluh teh, guru perlu ngamekarkeun kamampuhna ngeunaan apresiasi sastra, ekspresi sastra, jeung pangaweluh sastra dina unggal kagiatan. Salian ti eta guru kudu ngamekarkeun pribadina ngaliwatan pendidikan jeung pangajaran nu luyu jeung bidangna. Kamampu jeung kreatifitas guru dipiharep yen pangajaran sastra sunda teh leuwih alus.

E. Ngamekarkeun Pangajaran Sastra Sunda

Dina raraga ngamekarkeun pangajaran sastra sunda loba tarekah nu bisa dilakukeun ku para guru dina raraga ngalaksanakeun pangajaranana. Eta hal teh dina raraga pikeun ngaronjatkeun hasil kagiatan diajar ngajar nu luyu jeung naon nu dipiharep. Ku kituna perlu ayana tarekah pikeun ngamekarkeun eta pangajaran. Pikeun ngmekarkeun pangajaran bisa ngaliwatan :

a. Basa Penganteur Pangajaran

Basa panganteur nu digunakeun dina pangajaran nya eta basa sunda. Di sakola-sakola atwa daerah-daerah anu ngalaman kasulitan ku panganteur basa sunda bisa ngagunakeun basa Indonesia. Tapi sok sanajan kitu kudu aya upaya-upaya pikeun nyangkem basa sunda.

b. Pamarekan Pangajaran

Ngagunakeun basa sunda nu nyata dipengaruhi ku mangrupa konteks diantarana nya eta saha nu nyarita jeung saha nu dibawa nyarita, dina kaayaan kumaha dimana tempatna, iraha waktuna, media naon anu digunakeunana jeung naon bahan caritaanana. Pikeun eta kaperluan teh dian pangajaran basa sunda bisa

ngagunakeun rupa-rupa pamarekan, diantarana pamarekan kompetensi komunikatif jeung pamarekan kontekstual dina unggal media jeung sumber diajar. Patali jeung pangajaran basa jeung sastra sunda kudu meunang kasempetan anu loba jeung saloba-lobana pikeun meunang pangalaman ngagunakeun basa jeung sastra sunda, ngaliwatan kgiatan reseptip (ngregepkeun jeung maca) jeung kgiatan produktip (nyarita jeung nulis). Eta hal teh, perlu ayana timbangan nu patali jeung aspek-aspek kabasaan nu mangrupa ponem, kecap, kalimah, jeung paragrap.

c. Organisasi Materi

Standar kompetensi mata pelajaran basa jeung sastra sunda mangrupa pola ngeunaan standar kompetensi nu kudu di piaka nyaho, dilakukeun, jeung dikawasa ku siswa dina unggal tingkatan. Pola nu di bikeun dina dua komponen utama nya eta standar kompetensi jeung kompetensi dasar. Standar kompetensi ngawengku, ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Eta aspek teh deukeut patalina jeung kamampu ngagunakeun basa jeung pangalaman sastra. Eta aspek teh kudu dilaksanakeun dina pangajaran sacara gumulung.

F. Bahan Pangajaran Sastra Sunda

1. Ngaregepkeun/Maca Dongeng

DEWI SRI MULIH KA JATI

Kacaritakeun Dewi Sri, beuki lila baeuki gede. Beuki gede beuki geulis, geulisna kawanti-wanti, endahna kabina-bina. Rambutna *obak banyuan, galing muntang* dina

tarang, nya tarang *teja mentrangan*. Damis lir kudu sapasi, pangambung *kuwung-kuwungan*, lambey beureum bawa ngajadi, sorot soca bentang timur sakembaran. Raray lir bulan purnama, keusik bentik cadas herang, *kahibaran* ku Dewi Sri.

Kocapkeun Sang Hiang Dewa Wenang anu gagah sakti, ningali kageulisan Nyi Pohaci kitu teh, manahna ngaraos paur. Paur alahbatan maut hinis, sabab emutanana tangtu Yang Pramesti baris *kabengbat* manahna, palay migarwa. Amun kajadian kitu,” ceuk dina manahna, pisakumahaeun teuing pinyerieun hate Dewi Uma. ”Ti leuleutik *dirorok* disusuan, ari geus gede *dipigarwa* ku caroge. Emh, deudeuh teuing”.

Sanggeus ngamanah kitu, tuluy Sang Hiang Wenang ngala buah koldi. Tidinya tuluy dipaparinkeun ka Dewi Sri. Dewi Sri atoheun pisan, dipaparin buah koldi asak ambucuy pikabitaeun, am didahar. Pohara ni’mateunana! Kersaning Dewa Agung, ... brek Dewi Sri gering. Beuki lila beuki parah, ubar teu aya nu mental.

Hiji mangsa, di *kaputren ear* rame ku nu *maridangdam*. Dewi Uma nangisna munggah les-lesan. Para emban tingjarerit. Narangisan Nyi Pohaci, lantaran ... geus nepi kana jangji mulih ka jati mulang ka asal.

Hiji emban lumpat bari nyingsat, riwihrawah rek *wawarti* ka karaton ka Sang Hiang Pramesti Dewa Guru. Sadatang-datangna brek andeprok, cong nyembah, pok unjukan pegat-pegat. ”Aduh Gusti ... tiwas! Anu geulis Nyi Pohaci dugi kana jangji ... pupus!”

”Dewi Sri ngantun?” Saur Dewa Guru bangun kaget.

”Teu pindo damel,” walon emban.

Dewa Guru ngahuleng sakeudeung.

Lila-lila pok deui sasauran, Nya dalah dikumaha, mana kitu ge geus tutulisanana. Emban geura saur Aki Bagawat Sang Hiang Sri. Kudu *ngadeuheus* ayeuna pisan, kituh! Engke mun geus nyaur Aki Bagawat, manehna mah jig bae ka *kaputren* deui!”

Walon emban, ”Unjuk sumangga, Gusti. Tigas dawuh rampung timbalan. Amit mundur”.

Sanggeus kawidian, Nyi Emban gagancangan indit, nyaur Aki Bagawat.

Teu lila Aki Bagawat geus jol, brek diuk, cong nyembah.

”Bagawat!” Saur Dewa Guru. ”Tadi ka dieu aya emban ngabejaan, yen Nyi Pohaci geus tepi kana jangjina ... *puput yuswa*”.

”Baruk Nyi Pohaci pupus, Gusti?” Ceuk Aki Bagawat kageteun.

”Enya, ”saur Dewa Guru. ”Ku lantaran kitu, ayeuna maneh kapapancenan kudu *mulasara layonna. Kurebkeun* masing utama”.

”Unjuk, sumangga, Gusti”.

”Saterusna, maneh ku kami diangkat jadi *Kuncen, tugur* kuburanana”.

”Unjuk sumangga, Gusti”.

”Jung, bisi beurang teuing!”

”Tigas dawuh rampung timbalan. Amit mundur!”

Gancangna carita, layon Nyi Pohaci geus dikurebkeun, sakumaha Itali paranti. Makamna lalinggih beresih, wantuning apik ngurusna. Unggal poe Juma’ah *tara kendat* disapuan. Aki bagawat teu kaop ninggal *kalakay* salambar.

Lila-lila dina kuburan teh ... pelentung aya nu jadi: Palebah sirahna, kalapa. Buahna rupa-rupa, aya nu hejo aya nu koneng. Palebah panon katuhu, anu jadi teh pare. Warnana aya nu beureum, aya nu bodas. Nya kitu deui buluna, aya nu panjang aya nu gundil. Palebah panon kenza, anu jadi teh pare beureum eusi. Nya kitu deuih buluna, aya nu panjang aya nu gundil; rupana, aya nu beureum, aya nu koneng, jeung aya nu hideung. Palebah pingping katuhu, haur cucuk. Palebah pingping kenza mah haur geulis. Ari palebah tuur, nu jadi teh tangkal kawung. Palebah bitis katuhu awi tali. Urat-uratna, jadi areuy bulat-beulit. Bulu-buluna, jadi rupa-rupa jujukutan.

Dicutat tina *Dewi Sri*
Karangan Ki Umbara, kaca 19-23

2. Ngawihkeun Pupujian/Kakawihan

PEPELING

Hayu geura *saradia*,
meungpeung keur aya di dunya,
amal keur sampeureun jaga,
di ahir moal *sulaya*.

Geuning maot *ngadodoho*,
boro sok dipoho-poho,
datangna teu mere nyaho,
ngageretek taya *nempo*.

Taya beurang raya peuting,
Taya raja taya kuring,
Di mana *ajal* geus sumping,
Teu meunang embung anaking.

Horeng nyawa reujeung badan
nu geus lila babarengan
datang mangsa pipisahan
paturay tineung amitan

Lain meureun lain sugaran
da ieu mah kanyataan
kabeh pasti ngarandapan
geuning awak urang pisan
Kaget reuwas mata *mencrong*,
renghap ranjung munggah *bengong*,
napas ngangseg na *genggerong*,
nu deukeut geus teu katembong.
Horeng ieu teh *sakarat*,
Dicabut ku malaikat,
Nyawa *ngangseg* mapay urat,
Teu aya daya keur lumpat.
Ku renghap nu panganggeusan
pegat sakabeh harepan
ngabengkang taya dayaan
rek kumaha pakarepan
Boro mah keur suka bungah,
ngatur napsu seuri bungah,
beak tempo kudu pindah,
nyampeukeun ka *alam Barjah*.

Geus waktu ninggalkeun lembur
nu dituju alam kubur
meunang ngali geus diukur
mahi keur awak sakujur
Rek naon anu dibawa,
duit atawa sawah lega,
meunang ngumpul-ngumpul tea,
belaan nипу pasea.
Beunang tisukruk tidungdung,
nu sok dipake *adigung*,
kana salah matak *liwung*,
waktuna jakat mah embung.
Ibadah *kateler-teler*,
nepi ka *nyanghulu ngaler*,
lapur badan enggeus komper,
di tengah imah ngagoler.
Ngajolopong *dirurban*,
diriung ditarungguan,
geumpeur pacampur jeung waas,
setan mah batи mpuas.

Dicutat tina
Puisi Pupujian dalam Bahasa Sunda, kaca 68-70

3. Maca Sajak

ABAH TUKANG DELMAN

Sanaos kulit karidut, damis kemong jeung rerempo,
tapis keneh nyepengan eles kadali,
pungkal-pengkol milihan jalan taringgul,
bahamna crek-crekan, waosna atok-atokan.

Aya akang-akang ngahereuyan sisi jalan, basana :,

tukang delman bodo pisan, Si Nyai mah ditonggongan,
bujue kuda dihareupan,
da tut sir pa: Kuda hitut kusir nu nampa”

Si Abah ngaheheh ti ieuh ambeuk,
komo ngabarerang kana pecut,
pan kuda teh gede jasana,
maraban Abah sakaluarga.

Jog anjog ka pakarangan,
Abah rikat narik eles,
hih, itu geura luncat lungsur,
Abdi rineh turun teu inggis ka gusur.

Miati Suci Armilita, Sukabumi

4. Nembangkeun Pupuh (Asmarandana)

KABIASAAN HIRUP SEHAT

Hirup teh ukur sakali,
kudu dijaga diriksa,
lamun hirup kitu bae,
tinangtu urang cilaka,
sing inget bahayana,
kudu kumaha nya hirup,
gumantung sayaga urang.

Di mah masing beresih,
kokotor ulah araya,
dijaga dihade-hade,
kudu apik jeung berseka,
ngariksa kasehatan,
hayu atuh batur-batur,
babarengan sarerea.

Dadahareun nu ngandung giji,
kitu pisan sakuduna,
mun bisa mah unggal poe,
opat sehat tur sampurna,
lamun barang asakan,
kudu luyu jeung kabutuh,
kasehatan awak urang.

Kitu deui kamar mandi,
sing beresih salawasna,
carana mah heunteu hese,
unggal minggu beresihan,
hadena dikarbolan,
sajaba heuteu barau,
matak genah matak sehat.

5. Ngaregepkeun Carita Pondok

DI SISI LAPANG MENGBAL

Katiga entak-entakan teh lain bae geus ngalantarankeun jukut gararing, tapi oge geus ngalantarankeun taneuh di sababaraha tempat di eta lapangan teh rarengat. Kakebul taneuh beureum mulek kahiberkeun ku angin nu ngagelebug.

Tapi sumanget barudak pikeun ngulinkeun, ngudag, jeung najong bal tetp ngagedur. Saperti sore harita, dua grup barudak keur sarumanget silihelehkeun. Bal ditajong ka hareup, ka gigir, ka tengah, ka tukang.

Dudus *cinutrung* di sisi lapang, handapeun tangkal asem nu daun-daunna ngarangrangan ku panon poe katiga. Manehna keur ngalalajoanan barudak ti kampungna. Pasirkawung, ngalawan barudak ti kampung Cimekar. Dudus ninggal Dedi najong bal ka sisi, bal teh diudag ku Yadi, digiring ka derah lawan. Yadi najong bal ka derah gawang, ngumpan, tapi taya saurang ge nu mapag datangna bal. Sabenerna mah Dudus hayang pisan lumpat mapag eta umpan, tapi manehna teu keur maen. Manehna ukur cinutrung handapeun tangkal asem. Kalayan niron-niron gaya pamaen *propesional*, kiper Cimekar luncat newak bal, tuluy manehna api-api labuh bari nangkeup bal. Eta aksina teh dikeprokan jeung dipuji-puji ku babaturanana. Bal *ditalapung*, melentung muru daerah pertahanan barudak Pasirkawung.

”Gul!” kadenge sora barudak Cimekar surak, suka bungah. Sedengkeun barudak Pasirkawung mah *katangen paromanna* kuciwa naker, kitu deui Dudus, milu ngarasakeun kakuciwa barudak sakampungna. Dudus nu kuduna bisa ngabales ngababolkeun gawang lawan, ayeuna teu bisa nanaon. Rohman, kiper barudak Pasirkawung, mulung bal bari kukulutus, geus dua kali gawangna kabobolan. Rohman *mencrong* Dudus, tuluy nyampeurkeun Dedi.

”Ded, urang ajakan maen deui we Si Dudus teh ngarah bisa ngabalekeun gul kana gawang barudak Cimekar.”

”Montong! Ceuk bapa uing cenah bapana Si Dudus teh jelema jahat! Urang sarerea teu meunang ulin jeung manehna!”

”heueuh!” Uji mairan, ”Ceuk bapa uing ge bapa Si Dudus teh penghianat! Urang teu meunang ulin jeung manehna, oge jeung dulur-dulurna deuih! Keun wae Si Dudus mah sina uliln jeung barudak Si Engko atawa jeung barudak urang kota!”

”Tapi lamun urang teu ngajakan manehna, urang moal bisa nagsupkeun bal kana gawang barudak Cimekar! Ceuk Didin.

Barudak Pasirkawung tingharuleng. Maranehna Dudus, bangun anu asa-asra.

”Euy, ku naon cicing bae? Cape nya!” ujug-ujug aya budak Cimekar ngagorowok.

”Enya, can nanaon geus nyerah! Dasar letoy!” ceuk baturna.

Atuh kontan bae getih barudak Pasirkawung teh naek.

”Saha siah nu ngomong letoy?” Dedi nulak cangkeng. Beungeutna euceuy.

”Uing!” tembal budak Cimekar.

Dedi nyampeurkeun eta budak. Leungeunna tipepereket, meureup. Rupana bae budak Cimekar anu disampeurkeun ku Dedi teu ngarasa *gimir* ku amarah Dedi, manehna nangtung kalayan sorot panon ngandung tantangan. Meh bae duanana *galungan* lamun teu kaburu diparisah ku babaturanana mah.

Dudus neuteup eta adegan bari kerung. Tuluy manehna inget kajadian dina hiji peuting, sabulan nu kaliwat.

Peuting harita Dudus anu keur tibra sare dihudangkeun ku indungna. Dudus kaget lantaran dihudangkeun lain wayah, leuwih kaget deui basa nenjo beungeut indungna bangun nu ngemu kahariwangan. Bari satengah lulungu. Dudus ditungtun ku indungna ka rohangen tengah. Di rohangen tengah geus nyampak lanceuk jeung bapana, ditambah ka dua urang anu make seragam Hansip sarta saurang nu make pakean tentara. Paroman maranehna kaciri *rengkeng*.

”Urang kampung ngaramuk, pa!” ceuk nu make pakean tentara.

Dudus kakara engeuh yen nu make pakean tentara teh ti Koramil sanggeus diharewosan ku lanceukna.

”Maranehna maledogan kaca jeung kenteng perumahan!” ceuk nu make saragam Hansip.

Sumur bor oge diruntuhkeun!” nu saurang deui nambahsan.

Bapana Dudus ngahuleng, taya kecap nu kaluar ti biwirna. Sababaraha kali manehna ngenyot rokona, tuluy dipareuman, laju nyeungeut deui nu anyar.

Antukna kabehanana tingharuleng. *Ngabigeu*. Angin halodo ngagelebug nembus liang *ventilasi*, hawa karasa nyecep tiis. Di luar kadenge tingkedeplok sora sapatu jeung nu ngobrol. Hawar-hawar *kpireng* sora-sora nu ting gorowok.

”Bu!” sora bapana Dudus *ngagareuwahkeun* nu keur tingharuleng, ”Bapa indit heula. Jaga Barudak ...!”

”Kumaha atuh, Pa ...?”

”Ulah hariwang. Di luar loba aparat nu jaga.”

Bapana Dudus jeung tiluan anu make saragam teh nangtung, laju leumpang ka luar. Indungna Dudus nuturkeun nepi ka panto.

”Kade sing ati-ati, Pa ...!” sora indungna Dudus ngageter. Sakedapan manehna *ngajengjen*, neuteup Bapana Dudus anu *ngungkung* nembus poekna peuting.

Sora sapatu Bapana Dudus jeung tiluan nu make saragam teh ngalaunan, beuki laun. Sanggeus teu kadenge deui sora sapatu, indungna Dudus gura-giru nutupan panto. Laju manehna diuk deui dina korsi panjang bari ngeukeupan Dudus jeung lanceukna.

”Aya naon sih, Bu?” Dudus nanya bari ngagisik panonna anu karasa rapet lantaran tunduh keneh.

”Urang ngaramuk!” lanceukna anu ngajawab teh, ”Ngaruksak perumahan jeung sumur bor!”

”Enya, Bu?” Dudus nanya deui.

Indungna unggeuk.

”Naha?”

”Pedah sumur bor di perumahan.”

”Sumur bor?” Dudus kerung.

Indungna ngusapan sirah Dudus, ”Sumur bor anu dipasang di perumahan teh loba pisan nyedot cai. Urang kampung anu imahna deukeut teh keur halodo.”

”Jadi sumur bor di perumahan teh ngarugikeun urang-urang kampung nya, Bu?”

Indungna unggeuk deui.

”Naha atuh bet teu dicarek ku Bapa?” Dudus neuteup indungna.

Indungna Dudus ngabetem, teu wasa ngajawab pananya anakna.

”Tanyakeun we sorangan ka Bapa!” Lanceukna ngomong bari heuay.

”Lamun langsung nanyakeun ka Bapa mah pasti diambek!”

”Mimitina mah Bapa hidep oge teu ngidinan eta sumur bor,” indungna Dudus nyora deui, ”Tapi pemberong eta perumahan terus-terusan ngadesek Bapa hidep sangkan neken surat idin pembangunan sumur bor...”

”Assalamualaikum!” kadenge sora anu uluk salam.

”Abdi, Jayus!”

”Oh,” indungna Dudus ngarenghap. Gancang manehna mukakeun panto.

”Aya naon, Pa Jayus?”

”Ieu, Bu, abdi teh dipiwarang ku Bapa ngadugikeun pesen ka Ibu, saurna Bapa mah enjing mulihna, enjing-enjing, sareng omat saurna enjing barudak ulah waka sakola heula.”

”Oh ... muhun, nuhun ... Kumaha bapa di ditu, Pa Jayus?”

”Teu ku nanaon, Bu. Aman! Tos terkendali! Mangga, Bu abdi kedah mancen tugas deui.”

”Mangga, mangga, Pa Jayus. Hatur nuhun.”

Sanggeus nutup jeung ngonci panto. Indungna Dudus diuk deui dina korsi panjang.

”Bu! Cariosan anu tadi teu acan diteruskeun! Dudus nyepeng leungeun indungna.

”Anu mana tea, Dus?”

”Sumur bor.”

”Sabenerna mah Bapa hidep oge teu ngidinan eta sumur bor, tapi pemborong perumahan terus bae ngadesek Bapa hidep. Jeung deui lanceuk hidep terus-terusan ngrengihik menta dipangmeulikeun motor anyar.”

”Atuh da babaturan sakola seueur ano nganggo motor anyar, piraku Riky kedah teras-terasan nganggo bebek kolot!” Lanceukna Dudus motong omongan indungna.

Dudus kerung, *ngemu* kabingung.

Indungna Dudus surti kana kabingung anakna. ”Ku neken surat idin pembangunan sumur bor tea Bapa hidep meunang komisi ti pemborong. Ku kituna Bapa hidep bisa meuli motor anyar keur lanceuk hidep.”

Dudus angger kerung. Manehna can bener-bener ngarti kana naon anu diomongkeun ku indungna. Dudus teu ngarti naon hubunganana antara tekenan Bapa, urang-urang lembur anu ngamuk, jeung motor anyar keur lanceukna. Sanggeus kajadian harita, tilu poe Dudus teu asup sakola, poe kaopat kakara manehna sakola deui. Di sakola ujug-ujug bae babaturanana sakampungna ngajauhan manehna. Malah Didin, babaturan sabangkuna, ngadadak pindah ka bangku nu sejen, oge di luareun sakola. Basa manehna nanyakeun ka indungna ku naonmanehna dijauhan ku babaturanana, indungna ngan batin garakacak bari ngusapan sirahna.

”Gull !!” kadenge deui sora barudak Cimekar sorak.

Sora anu surak teh mulangkeun deui perhatian Dudus ka lapangan mengbal. Manehna nempo barudak Cimekar ajrag-ajragan suka bungah. Kontras pisan jeung kaayaan barudak Pasirkawung anu ngareluk taya sumanget. Dudus geus teu tahan mireungeuh kayaan kawas kitu, berengbeng lumpat ka lapangan.

”Didin! Meunang teu ... uing miluan maen?”

Didin mencrong Dudus. Laju manehna mencrong babaturanana anu lian. Sanajan asa-asanya babaturanana arunggeuk.

Nyeh Dudus seuri. Manehna mulung bal, tuluy dibawa ka tengah lapang.

”Didin! Nanaonan ari sia kalah ulin jeung anakna Si Lurah Gelo!” ujug-ujug bae kadenge sora anu ngagarewek nyarekan.

Kabeh rampak ngaliek ka lebah datangna sora ... Horeng anu ngagorowok bari nyarekan teh Ceu Yuyun anu karek hanjet mandi jeung kukumbah ti pancuran. Leungeun kencana nulak cangkeng, ari leungeun katuhuna ngajinjing ember anu dieusi piring jeung gelas.

”Balik siah, Didin! Balik!” Ceu Yuyun ngagarewek deui.

Sababaraha kali Ceu Yuyun ciciduh bangun anu geuleuh kacida, ”Mang Engkos! Tingali tuh barudak bedegong teh kalah arulin jeung anakna Si Lurah Gelo!”

Anu disebut Mang Engkos teh mucunghul ti lebah walungan. Leungeunna nyekel bedog jeung awi. Nenjo Dudus aya di tengah-tengah barudak kampung, amarahna jadi ngagedur.

”Barudak kurang ajar siah! Dicarek ulin jeung anakna Si Haram Jadah .. eh kalah ngahaja diajakan ulin! Hayoh bubar siah bisi dicacag ku aing! Bubar!!!” Mang Engkos ngulang-ngulangkeun bedogna.

Nenjo Mang Engkos ambek saperti jelema anu owah teh kontan bae barudak pahibut lalumpatan. Dudus lumpat muru imahna. Dudus lumpat bari leungeunna anu dua tipepereket nangkeup bal.

Dicutat tina *Mangle* No. 1910
Edisi 24 – 30 April 2003

6. Maca Sajak

KAMPUNG NAGA

Nurugtug mudun nincak hambalan
jaman geus dirobeda
malipir sisi-sisi Ciwulan
jog, tangka ngajenghok:

”geuning taya bedana jeung urang?”

Kampung Naga, cenah saur guru mah maket
gambaran kahirupan masyarakat urang:
nu rek kadeseh modernisasi,
tapi keueung keneh mun teu nurut ka karuhun
kabuktian tina hateup jeung model wanganan
tapi geus aya anteneu tivi-an

Kampung Naga, pasawahan, Ciwulan mun caang bulan
tingkaretip lampu tempel nu kudu dikemitan pamuda
naha bakal teu kabita
ku listrik nu hemat energi?

Dicatat tina *Mangle* No. 1903
Edisi 6-12 Maret 2003

7. Magelarkeun Drama Barudak

KA KAWAH GALUNGGUNG

Bel istirahat disada.

Poe senen, di jero kelas waktu istirahat. Ajat, Galih, jeung Dindin keur uplek ngalobrol. Tiluanana nyarande kana korsi. Malah bari tumpang kaki sagal.

GALIH : (Ka Ajat melong). ”Jat, kumaha jadi ka Galunggung teh?”

AJAT : ”Nya, jadi atuh. Da deukeut ti imah Nini Ajat mah, ngan 10 km.”

DINDIN : ”Kumaha, rame heuteu di ditu teh?”

- AJAT : "Lumayan rame, komo da poe Minggu. Nu daratangna rea, malah *para turis* asing oge aya. Basa bapa rek markirkeun mobil oge hararese."
- GALIH : "Aya oleh-olehna atuh keur Galih?"
- AJAT : "Ih, ari Galih mah, sok ngaheulakeun oleh-oleh bae. Da ka ditu ge heunteu *barangbeuli* nanaon."
- DINDIN : (*Nembong bari ngareret ka Galih*) "Enya. Dindin mah hayang apal kumaha kayaan di Galunggung teh. Cing caritekeun, Jat!"
- AJAT : "Ka Galunggung teh samobil. Mang Deni, Mang Iman, Bi Hilda, De Angga, Mamah, Nini Omoh, jeung Aki Jana. Perjalanan teh heuteu langsung ka kawah, tapi kapamandian Cipanas heula. Di ditu marandi. Bapa, Mamah, Nini Omoh, jeung Aki Jana mah Nyewa keneh, ari Ajat mah jeung nu sejenna ngarojay."
- GALIH : "Panas mana di Galunggung jeung di Cimanggu, Ciwidey?"
- AJAT : "Ah, sarua bae. Da puguh cai bijilna ti kawah, nya panas we."
- DINDIN : "Terus, aya naon deui di Galunggung teh, Jat?"
- AJAT : "Aya wanawisata. Ti pamandian Cipanas ka kawah Galunggung teh ngaliwatan heula leuweung kai. Perjalanan satengah jam. Anu laeumpang mah Ajat, Bi Hilda, De Angga, Mang Deni, jeung Mang Iman. Ari Bapa, mamah, Nini Omoh, Jeung Aki jana mah kana mobil nepi ka tempat parkir di deukeut kawah. Ngan jalanna nanjak pisan. Ceuk bapa mah, kupling mobil ge kungsi selip sagala."
- GALIH : "Nanjak mana jeung ka Kawah Putih, Jat?"
- AJAT : "nanjak ka Kawah Galunggung. Di Kawah Putih mah, ti tempat parkir ka kawah teh tinggal mudun. Ari ka Kawah Galunggung mah, kudu nanjak heula. Tanggana oge aya 627 hambalan."

(*Keur kitu torojol Pipit, tuluy nyampeurkeun ka nu keur ngarariung*)

- PIPT : "Ke, ke, kukupinan teh aya tangga ka kawah. Di mana eta teh, Jat?"
- AJAT : "Di galunggung. Enya, ti tempat parkir ka kawaqh teh aya tangga nu lobana 627 hambalan. Dijieunna ku tembokan. Di belah sisi, kenca-katuhueun tangga, make pamuntangan sapanjangna."
- DINDIN : "Ari akibat tina bitu, Kumaha, jat? Taun sabaraha bituna teh?"
- PIPIT : "Taun dalapan puluh dua, maca dina buku mah."
- AJAT : "Kampung-kampung nu urut kaurugan teh ayeuna mah geus dicaricingan deui. Malah tabeuhna oge jadi salubur. Ngan keur ngajaga bisi bitu deui, sangkan lahar teu palid ka pilemburan, atawa cai hujan nu jolna ti gunung, aya tanggal sapanjang lamping gunung."
- PIPIT : "Jat, ceuk lanceuk Pipit nu kuliah di Jurusan Sunda mah, di Galunggung teh aya kabuyutan. Bener eta teh?"
- AJAT : "Teu ka dinya. Ngan basa ka Galunggung teh, Mang Deni kungsi nanyakeun ka petugas di dinya. Memang cenah aya. Sabangsa tempat kaagamaan dina mangsa Karajaan Galuh. Malah Mang Deni mah bogaeun bukuna oge. Naon teh? Oh, enya, judul bukuna teh *Amanat Galunggung*. Mang Deni mah geus tamat macana ge. Cenah eusina teh nyaritakeun aturan-aturan dina kahirupan."

GALIH : "Hayang maca bukuna, Galih mah."
DINDIN : "Sarua Dindin oge."
PIPIT : "Kumaha, Jat, mun urang nginjeum bukuna ka Mang Deni?"

(*Neuteup ka Ajat siga nu panasaran pisan*)

AJAT : "Hayu Bae."

(*Keur kitu lonceng asup disada deui. Barudak nu opatan silihreter lantaran teu kungsi arulin ka luar atawa jajan ka warung. Batur-baturna padadatang mantan.*)

8. Maca Novel

DIAJAR MACA

Pasosore Ambu Warji ngalangeu di lawang imahna, panonna molotot teu puguh nu dipencrong, ceulina kawas no torek, taya dedengeanana, sabab harita pikiran jeung ingetan ambu warji keur *sabil*, rusras ka jaman baheula, eling ka waktu bihari, mangsa manehna keur aya dina jero kasenengan.

Ceuk dina pikirna, "Eh, naha teu nyana teuing ku milik diri, bet nepi ka kieuna. Padahal baheula mah waktu aya keneh Bapa Warji, aing teh teu kurang hakaneun teu kurang pakeeun, ari ayeuna aing nepi ka mindeng nyorang *ngongkrong*. Eh, naha ti mana aing pibisaeun meunang hakaneun keur anak aing?"

Sabot ambu Warji mikir kitu, jol *tua kampung* datang dari mawa gembolan.

"Punten Embok!" cek tua kampung. "Ieu kula teh dipiwarang ku Juragan Lurah mikeun ieu beas jeung ubar batuk."

"Ah, boa saneskeur Embok, Mas Apung?" cek Ambu Warji bari rada ngahuleng.

"Ih, piraku ku kula dibawa ka dieu, ari lain keur Embok mah."

"Naha *sinarieun* teuing Juragan Lurah teh make masihan beas jeung ubar batuk sagala?"

"Wallahu'alam," cek tu kampung.

"Naha saha nu *mupulihkeun* yen Embok boga kasakit batuk?"

"Nya, meureun anak Embok anu pupulih teh, da tadi manehna ka bale desa."

"Karah anak Embok ka bale desa?" cek Ambu Warji bari semu heran. "Naha budak teh ngerakeun teuing, bet kumawati *lunta-lunto* ka bale desa?"

"Ah, ulin bae meureun jeung Asep Onon, kawantu budak bageur anak Embok mah, buktina Juragan Lurah oge resepeun."

Ambu Warji nu sakitu keur prihatinna teh ngadak-ngadak hatena *lejar*, bungah taya papadana, pedah anakna dipuji bageur jeung dipikaresep ku Juragan Lurah, lain bungah dumeh dibere beas.

"Kop atuh *rawatan* eta beas teh, Embok," cek tua kampung. "Jimpona mah rek dibawa deui ku kula."

"Atuh, nuhun, nuhun!" cek Ambu Warji bari ngeurihkeun beasna kana boboko.

"Punten atuh, Embok kula rek mulang! Cek tua kampung bari ngaleos.

Heuleut *sawatara* jongjongan ti saleosna tua kampung, jol Si Warji datang, tuluy nyamperkeun ka indungna, bari ngomongna, "Ema, bieu kuring mentas ti Juragan Lurah."

"Eum, bet ngerakeun sia mah, naha kumawani lunta-lunto ka Juragan Lurah! Ulah sakali-kali deui deuleu, isin! Rek naon barina oge sia ka bale desa?"

"Euh kieu, Ema! Cek Si Warji." Kuring teh disaur ku Juragan Lurah, anjeuna miwarang ngangon mundig, sabab pangangonna nu ngaran Si Adun tea hilang didupak munding."

"Ih, atuh sia oge ulah daek, bisi didupak munding, kawas Si Adun," cek Ambu Warji.

"Ah, meureun bae si Adun mah diteunggar soteh, da mundingna dijailan ku si Utun."

"Jadi sia teh daek, nya?"

"Ih, atuh puguh bae daek mah, sabab sajabaning ti diburuhan beas teh, kuring ku Asep rek diajar nulis jeung maca deuih."

"Ah, paingan bieu tua kampung ngirim beas jeung ubar, piwarang Juragan Lurah, cenah, taksiran mah sia nu mangmentakeun, nya?"

"Ah, piraku kuringkumawani punta-penta? Demi Allah teuing, kajeun beuteung kukuruwukan, ti batan wani punta-penta mah," cek Si Warji bari *mencrong* ka indungna. "Eta mah meureun kahidengan Asep Onon bae."

"Nya sukur lain sia mah nu boga alpukah menta."

Isuk-isuk wanci *meletek strangenge*, Si Warji geus aya di sawah, ngiringkeun munding dua rakit.

Sanajan manehna ngarasa tiris tina tacan tuman apruk-aprukan di sawah isuk-isuk, tapi ari dina hatena mah geus ngarasa bagja lain dikieuna, bagja dumeh geus jadi sobat Asep Onon, nu asalna pohara *makayakeun* indung ku buruhan ngangon, jaba ti kitu bagja dumeh rek diajar nulis jeung maca.

Barang datang kana kotakan nu kandel jukutna tur ngemploh, lur mundingna dikencarkeun sina nyaratuan. Ari manehna tuluy *mancal* kana tonggong munding, ngadon moyan bari hahaleuangan.

Sanggeus kira-kira *wanci manceran*, mundingna kabeh tuluy digiringkeun ka nu iuh, sina *ngaub*. Ari Si Warji tamba nganggur teu puguh, tuluy manehna ngala taneuh liket, rek dijieu cengcelengan dirupakeun munding keur depa.

Prak-prakanana barang jieun, tina *ngaluluhna* nepi ka ngabangunna mumundingan, nya teu wudu rada gancang, kusiwel-kusiwelna teh kawas nu geus paham kana karajinan taneuh bae.

Sanggeus anggeus nyieun cengcelengan mumundingan depa, tuluy nyieun cengcelengan mumundingan nu keur nangtung, kitu wae gawena, nepi ka anggeus dua-tiu cengcelengan.

Ku sabab katungkul ku jijieunan, teu kanyahoan deui ponopoe geus aya di kulon. Si Warji tuluy balik bari tumpak munding, leungeunna ranggem ku mumundingan taneuh liket tea.

Kira-kira bada Magrib sanggeus Si Warji dadaharan, leos manehna indit ka bale desa, rek menta diajar nulis jeung maca ka Asep Onon. Harita Asep Onon kasampak keur maca buku di tepas hareup, dipayunan ku Juragan Lurah.

Barang Asep Onon awas ka Si Warji datang, reg eureun macana, bari saurna, "Tah, murid teh geus datang, ka dieu unggah, Ji!"

"Mangga!" cek Si Warji bari cat unggah ka tepas.

"Kieu, Ji!" saur Asep Onon bari seuri. "Samemeh prak diajar, silaing kudu mayar heula ka dewek. Ari mayarna lain ku duit, tapi ku pagawean, nya eta kudu mangnyekeutankeun patlot jeung mangumbahkeun sabak, nya! Kumaha sanggup?"

"Ih, dalah sapuluh kalieun kitu oge mangga, naon hesena migawe nu kitu?"

"Heug, sukur atuh ari sanggup mah."

Asep Onon tuluy nyokot *sabak* jeung *gerip*, kotret nulis, pek diterangkeun sarta tuluy disina diturutan ku Si Warji. Kitu bae diajarna nepi ka peuting pisan.

Gancangna carita, sanggeus aya sababaraha bulan Si Warji diajarna, manehna geus bisa maca. Ku sabab pohara *cengengna*, manteng kana hayang bisa maca, nya lila-lila mah laksana, bisa maca buku-buku nu diajarkeun di sakola, beunang nambutan Asep Onon ti guruna. Komo sanggeus aya taunna mah, katambah ku pinter nulisna, sarta aksarana beres.

Juragan Lurah, ramana Asep Onon tea, pohara bungheunana sarta teu kira-kira bae nyaheunana ka Si Warji, ku tina *katilik* tina kalakuanana salawasna hade, titih rintih tur lungguh-ampuh, beda pisan ti barudak nu rea.

Jeung Asep Onon pohara rapihna, dina sagala kalakuan astuning layeut, lulus runtut, ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salebak, tara pasea *pacogregan*, da sok silih aleden, silih ayunkeun jeung silih ma'lum.

Ku kituna, kanyaah Juragan Lurah ka Si Warji geus taya basakeuneunana, meh cara ka putra ku anjeun bae.

Dicatat tina novel *Budak Teuneung*
Karangan Samsoedi, kaca 40-45

9. Ngaregepkeun Wawacan

PURNAMA ALAM (Asmarandana)

Dangding Sunda sakajudi, titsan ti pupuhunan, beubeunangan soson-soson, kekel kana tatarosan, ti bangsa nu budiman, prabujangga juru lagu, nu paham kadongkarian.

Ari ieu nu digurit, lampah menak jaman kuna, masih kaom buhun keneh, wantu alam kadewaan, sumembah ka sangiang, munjungna ka sang rumuhun, nyambat ka para batara.

Beunang nungtik ti leuleutik, nyutat-nyatet ti bubudak, tataros ti kolot kahot, juru dongeng alam kuna, ayeuna ditukilna, disusurup kana lagu, ditulad dijieu babad.

Manawi bae ngajadi, ku sadaya, ku sadaya dimaranah, didamel conto lalakon, kana geusan kamulusan, jalan kasalametan, satungtung nyandangan hirup, rumingkang di pawenangan.

Di dieu babad teu sepi, anu murka nu satia, kabeh watekna katengen, sarta leuwih-leuwih nista, ngeunahna tugenahna, ganjaran nu mulus laku, nraka lampah murka.

Wiwitan anu digurit, aya sahiji nagara, gede sarta leuwih rame, ngaran nagara Riskomar, dina jaman harita, kamashur ku tina unggul, ti saban nagara lian.

Kereta sartana mukti, henteu aya kakurangan, sumebor ka negri sejen, tina kamulyaanana, sagala hahasilan, samalah eunggeus kasebut, huluwutan dayeuh lian.

Ari nu jadi narpati, ratu di nagri Riskomar, Sri Maha Dewa Pramayon, kongas adil palamarta, pinter sugih tur Riskomar, Sri Maha Dewa Pramayon, kongas adil palamarta, pinter sugih tur gagah, loba ratu anu taluk, jadi bawah parentahna.

Kagungan putra sahiji, Sang Ratu ti prameswari, pameget kalangkung kasep, dina jaman harita mah, kongas ka sabuana, kakasihna nu kamashur, Pangeran Purnama Alam.

Istu kasep katambah lantip, netepan kasatriaan, taya bubudening goreng, wantu bener kusumahna, nyekel karaspatian, lungguh pancuh wuwuh ampuh, nyegah sakur lampah salah.

Ngan anu saperkawis, pasangaran salirana, narik kana cocogeh, lantaran leuwih kasepna, loba nu kaedanan, asal kapincut kairut, istri-istri sadayana.

Najan nu boga salaki, ngadidak menta ditalak, hayang ka Pangeran Anom, tapi arambon sorangan, taya nu dilawan, kantun ngaberung napsu, murudul abrul-abrulan.

Tatapi Sang Putra tigin, henteu bimbang teu kagembang, ku istri anu tarembong, nutup anjeun di kaputran, lengkah di pagulingan, buku anu digugulung, nalek sakur kitab-kitab.

10. Sisindiran (Wawangsalan)

1. Teu beunang dihurang sawah (cangkang)

Teu beunang dipikameumeut (eus)

Simeut (wangsalna)

2. Jago tinju legendaris,

Dilali-lali teu lali.

Wangsalna : *Muhammad Ali*

3. Binaragawan Kasohor,

Hoream bade putaray.

Wangsalna : *Ade Ray*

4. Tokyo teh ibu kotana,

Iraha patepang deui.

Wangsalna : *Jepang*

5. Kleup maen bal ti Itali,

Tos betus nyepeng rusiah.

Wangsalna : *Juventus*

6. Mesin ketik elektronik,

Dipakena ku nu pinter.

Wangsalna : *Komputer*

7. Telepon bisa dikeupeul,

Mihape Majalah Mangle.

Wangsalna : *HP (Handphone)*

11. Ngaregepkeun Sempalan Carita Pantun

LUTUNG KASARUNG

Neda Agung nya paralun,
mangka panjang pangampura.

Caturkeun rata di manggung,
carita di kahiangan:

Guru Minda Kahiangan,
anak dewata cikalna,
titisan Guriang Tunggal,
seuweu batara ti langit,
ngabujang di para dewata,

kasep taya papadana,
keur meujeuhna teguh-cangcut.
Tuluy ngimpi kagungan bebene

Sarupa jeung Sunan Ambu;
Ngalingling ngadeuleu maling.
"Ulah goreng tingkah ka pangsu:
pamali batan maling,
haram batan jinah;
geura boro pijodoeun:
aya nu sarupa jeung Ambu,
di buana Pancatengah;
ulah ujug-ujug ka dinya;
ieu anggo raksukan heula,
dina sangsiang mega hideung,
pendok emas rekakeun bagaling buntu,
mas dua penggel tapelkeun di luarna."
Enggeus ngaggo raksukan,
salin jenengan:
Kandengan Lutung Kasarung:
Caturkeun di buana panca tengah:
Umbul sogol nagara Pasirbatang.
Ngandika sang dewa ratu ka si Lengser:
"Geura dikongkon ka Aki Panyumpit

ngalasan ka leuweung iwak satoning lutung
ulah rek kasurupan panonpoe
kabedugan;
lamun kabedugan,
teuteuk beuheung tilas adegan,
Aki Panyumpit katut anak rabina."
"Pun, gusti sembaheun kuring!
sumuhun darma panyaur."
Sedok nyembah;
indit ngusap birit,
angkat ngusap sinjang:

Cag teundeun di handapeun sieum,
tunda di hanjuang siang,
paranti nyokot ninggalkeun.

Sumber tina *Lima Abad Sastra Sunda* (Jilid I) hal 116-120

12. Maca Carita Pondok

KATINEUNG

Hayam kongkorongok patembalan jeung baturna, ti saban madhab silih tempas
silih jawab bangun teu boga bangbaluh sanajan saeutik. Manuk recet disarada dina
tatangkalan, milu rame, milu bungah. Kitu deui domba pating bereledina kandangna,
embung eleh ku nu sejen. Tatangkalan pating kuliat, bangun kagareuweuhkeun ku
wirahna alam nu endah anu hese dileungitkeunana tina sawangan.

Kabeh mahluk sarukan-sukan mapag meletekna srangenge nu salawasna marengan dina ngeusi kahirupan di alam dunya, sok sanajan kaselang ku peuting nu geus maneuh.

Ngagiricikna sora walungan Cikembang, anu perenahna di tebeh kalereun lembur, matak ngait kana ati matak nalian kana manah. Caina anu herang ngagenyas matak waas anu ngawas matak reueus anu ngageugeuh. Laukna anu pating siriwik matak kabita nu boga kecrik, ceuk tukang lintar nu geus kawentar mah ieu walungan teh sugih ku tagih, pepek ku deleg, sumawonna hurang jeung lauk emas geus teu kudu dicaritakeun deui.

Urang lembur teh kacida gumantung pisan kana cai ieu walungan, sabab salian ti keur nyaian sawah teh oge kabutuhan sapopoena saperti mandi, nyeuseuhan, cai jeng nginum jeung sajabana teh estuning ngandelkeun cai walungan. Ngan sabagean leutik di antarana nu geus ngabogaan sumur teh, kitu oge kacida jerona sabab lembur teh perenahna di pasir nu rada luhur.

Harita mangsa meleteknapanon poe teh, urang lembur mah euweuh nu ngadaweung nanangkeup beuteung nangtung nanangkeup harigu. Sabab kabehanana geus kalatih ku tirisna hawa isuk, ku reangna kongkorongok hayam, ku recetna sora manuk nu disarada dina tatangkan, jeung ku ngagiricikna sora walungan Cikembang.

Kabehanana singer jeung cangker ngamimitian hirup dina unggal poe mangsa panon poe eraeun keneh nembongkeun diri nu saenyana.

Nu boga sawah, teu elat-elat ngakolakeun sawahna, nu boga kebon teu bosen-bosen ngebon, nu boga buruan teu eraeun minuhan buruanana ku pepelakan, kitu deui anu ngan saukur boga tanaga jeung sumanget teu rengrot-rengrot ngokolakeun tanagana pieun nyumponan pangabutuh hirupna.

Sanajan ieu lembur teh jauh pisan tina kahirupan kota nu geus maju, tapi sumangetna mah teu eleh ku maranehna anu geus ngalengkah leuwih ti heula, malah sigana mah leuwih teuas jeung leuwih tanggoh batan sumangetna urang kota nu geus moderen.

Kahirupan manehna anu kacida barasajanagan teh estuning lain beunang niron jeung nurutan anu lian, tapi bener-bener anu bijil tina sanubari anu medal tina anu arang langka kapimilik ku jalma.

Ieu lembur teh mangrupakeun salah sahiji lembur anu kaancam leungit kaaslian jeung kaasrianana. Kumaha teu rek kitu sabab ieu lembur teh kaasup kana wewengkon anu diancokeun pikeun dijadikeun *Areal Perindustrian*. Sakumaha nu ku urang geus dikanyahokeun, ngaran-ngaran wewengkon anu geus dijadikeun Areal Perindustrian mah euweuh anu kapiara kaaslianana jeung kaasrianana sabab karacunan ku nu ngarana 'polusi'.

Tetela eta kahariwang teh geus kabuktian. Cai walungan anu herang ngagenyas teh ukur tinggal panineungan, sabab anu katembong ayeuna mah, ukur cai lecek jeung kiruh sarta bau anu ngondang rupa-rupa kasakit. Geus euweuh laukan geus musna pakaya anu sakitu mahalna teh. Jemplingna peuting anu dipapaes ku sora caricangkas, jangkrik jeung gaang ngan tinggal waasna, kasilih ku ngaguruhna sora *mesin-mesin di pabrik*. Wirahma anu endah anu lumangsung unggal isuk-isuk teh kari dedengeeunana, sabab hayam ge geus teu puruneun kongkorongok da teu boga kasemptan keur ngencar. Geus euweuh manuk anu recet, geus teu aya domba jeung embe nu pating berele, sabab geus ganti ku ingon-ingon anu teu bisaeun nyoara. Kapanan meri oge geus ganti ku bebek haseeupan buntutna.

Tingkat karuksakan ieu lembur teh can pati parna da lamun seug ku urang dileukeunan mah kana tangtu ieu lembur teh baris balik jirim mulang ka asal.

Ngan sanajan can pati parna, tapi ari ku urang diantep mah tinangtu bakal kacida parna karusakanana sarta moal bisa dibalikeun deui ieu lembur, sabab ieu pagawean teh teu bisa dianggap enteng.

Teu sarua jeung hesena ngabukbak leuweung ganggong simangonggong. Sabab anu kudu diberesihanana lain ngan hiji temapt.

Tapi kuring boga hiji kayakinan rehna ieu lembur teh baris kasalametkeun tina karusakan nu leuwih parna, sabab ceuk kayakinan kuring, bakal aya pamingpin urang anu milu ngarojong kana cita-cita urang sarerea.

Dicatat tina Mangle No. 1849
Edisi 14-20 Peruari 2002

DAFTAR PUSTAKA

Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2007. *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar*

Mata Pelajaran Basa dan sastra Sunda.

Nurhayati, Lis. 2007. *Wasita Basa.* Bandung : Walatra Bandung.

Salamun, M.A. 1957. *Kandaga Buku Bacaan Basa Sunda.* Jakarta : Ganaco.

_____. 2007. *Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan: Silabus dan RPP Mata Pelajaran Basa dan sastra Sunda SD/MII.*

_____. 2007. *Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan: Silabus dan RPP Mata Pelajaran Basa dan sastra Sunda SMP/MTS.*

_____. 2007. *Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan: Silabus dan RPP Mata Pelajaran Basa dan sastra Sunda SMA/SMK/MA.*

Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa dan sastra Sunda. 2006. Dinas Provinsi Jawa Barat.

Rusyana, Yus. 1980. *Panyungsi Sastra*. Bandung.

_____. 2007. *Hasil Karya Sastra*. Bahan Pangajaran Sastra Sunda. Bandung.